

LÈ W PRATIKE OU VIN PI FÒ

EDE TIBEBE W LA SOTI NAN BIBON POU LI PASE NAN GODE!



Poukisa mwen dwe montre tibebe m nan sèvi ak gode?

Lè w janbe nan gode ki pa koule yo rele gode pou antrènman, se yon pati enpòtan nan devlopman an. Tibebe w la pral aprann kòman pou l rale olye pou li souse, epi li ap gen mwens chans pou li gen kari.

Kilè mwen dwe kite tibebe m nan eseye yon gode?

Tibebe w la dwe kapab chita san l pa jwenn sipò ki se jeneralman lè l gen apeprè 6 mwa. Men chak tibebe diferan, pou rezon sa kòmanse lè tibebe w la pare. Tibebe w la dwe sispann pran bibon lè l gen 14 mwa.

Ki kalite gode mwen dwe itilize?

Chwazi youn ki byen mache pou tibebe w la. Li kapab gen yon kouvèti ki anpeche l koule, yon bèk pou l vide oswa manch. Evite gode ki gen chalimo oswa valv pandan tibebe ou a ap aprann bwè nan yon gode. Sa a pral fè tibebe ou a souse lè l dwe aprann rale!



KONSÈY!

PWOTEJE DAN TIBEBE OU A

- Pa kite tibebe ou a mache avèk yon gode oswa boutèy pou rale, konsa li p ap tonbe epi blese.
- Kite tibebe w la jwe avèk gode vid pou li kapab abitye ak fason pou li kenbe l.
- Kòmanse ofri l yon ti kantite dlo detanzantan chak jou pandan moman repa a.
- Ou pa bezwen kòmanse avèk gode pou rale a. Ou kapab kòmanse avèk ti gode piti ki ouvè tou!
- Ou kapab fè tranzisyon an fasil pandan w ap ofri lòt kalite sous konfò tankou chante, li, jwe, olye ou ba l boutèy la tousuit.
- Evite bay tibebe ou a yon boutèy oswa yon gode pou rale nan lè repo l oswa lè pou dòmi l, sof si li plen ak dlo.
- Toujou netwaye dan tibebe w la anvan w mete l dòmi.
- Ede dan tibebe w la rete san kari pandan w ap pwograme vizit kay dantis pedyat la depi lè w wè premye dan an parèt, oswa lè l gen l lane.
- Akademi Pedyat Ameriken rekòmande pou pa bay tibebe yo ji anvan yo genyen l lane. Pou timoun ki l jiska 3 lane, limit ji a se 4 ons pa jou.



1-800-WIC-1007



www.mass.gov/wic

Enstitisyon sa a ofri tout moun opòtinite egalego.

